



**WILLIAM JAMES  
COLLEGE**

**INTERFACE Referral Service**

## W ap Poze Tèt Ou Kesyon Sou Sèvis Sante Mantal?

- Ki sèvis ki egziste nan kominote w ak ozalantou kominote w?
- Kijan pou w jwenn chemen w nan sistèm sante mantal la nan Massachusetts?
- Kikote ou kapab jwenn enfòmasyon sou sijè ki gen rapò ak sante mantal?

## Jwenn repons yo nan Sèvis Referans INTERFACE William James College

[interface.williamjames.edu](http://interface.williamjames.edu)

Sèvis Referans INTERFACE William James College travay pou ogmante konsyans sou pwoblèm sante mantal ki afekte timoun, fanmi ak granmoun, ak pou fasilite yo jwenn aksè nan sèvis ki apwopriye yo. Vizite sit entènèt la pou w jwenn plis enfòmasyon sou anksyete, depresyon, divòs, abi sibstans, swisid ak plis toujou. Anplis, gen sèvis èd nan telefòn ki disponib nan:

Lynnfield

## Rele Liy Èd INTERFACE William James College la

**888-244-6843** pou jwenn enfòmasyon sou resous ak/oswa referans pou founisè swen nan men yon pwofesyonèl sante mantal.

INTERFACE® se yon pwo-gram nan William James College, epi li travay an kolaborasyon avèk Pwojè Aksè nan Sikyatri Timoun nan Massachusetts (Massachusetts Child Psychiatry Access Project, MCPAP), Depatman Sante Mantal Massachusetts, ak Pwo-gram Prevansyon Swisid nan Depatman Sante Piblik Massachusetts. Kontakte [info@williamjames.edu](mailto:info@williamjames.edu) pou jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis Referans INTERFACE® William James College la, ansanm ak fason pou founi sèvis liy èd nan telefòn ki itil nan kominote w.

Enfòmasyon  
sou Resous

Referans  
nan Founisè



# WILLIAM JAMES COLLEGE

## INTERFACE Referral Service

### Kisa pou W Atann Lè W Rele Liy Èd la

INTERFACE se yon Liy Èd pou resous ak referans pou sante mantal ke kominote nou an fè kontra ak li pou ede timoun, granmoun ak fanmi yo vin konekte avèk resous pou sante mantal ak byennèt. Tanpri, w ap jwenn kèk enfòmasyon anba a sou sa pou w atann lè ou rele Liy Èd referans INTERFACE la epi w ap avanse nan tout pwosesis referans lan.

- Admisyon- Lè ou rele, w ap pale ak yon konsyè pou resous ak referans epi y ap mande pou w fè yon admisyon konfidansyèl. Y ap mande w kèk enfòmasyon debaz pou kontak, enfòmasyon sou tèt ou oswa sou timoun ou an, enfòmasyon sou asirans ou, èske ou menm oswa timoun ou an disponib pou rankontre ak yon moun, ak enfòmasyon jeneral sou enkyetid ou genyen an. Longè tan pou fin fè admisyon an varye, men li ta dwe dire apeprè 15-20 minit.
- Fè yon match- Apre admisyon an fini, y ap ba w yon nimewo dosye pou w itilize kòm referans ou nan koutfil yo avèk INTERFACE. Sa se pou pwoteje konfidansyalite ou. Pou konsyè INTERFACE yo kòmanse yon rechèch pou jwenn yon match pou founisè swen, yo itilize yon pwosesis rechèch adapte nan bazdone a, ansanm ak lòt resous pou jwenn sèvis ou mande a. Ou kapab atann ou konsyè resous ak referans ou an pral kontakte w nan premye jou ouvrab yo apre koutfil ou an pou enfòmasyon sou eta dosye w.
- Bay founisè ki matche ak ou- Depi yo idantifye yon match, yon konsyè INTERFACE ap rele w epi/ oswa voye yon imèl pou ou pou bay enfòmasyon ki gen non founisè a, kalifikasyon li, adrès, ak nimewo telefòn li. Konsyè INTERFACE la ka founi lyen tou pou w jwenn gid sou sit entènèt nou an ki ka itil, tankou enfòmasyon sou fason pou chwazi yon founisè swen sante mantal. Liy Èd pou Referans INTERFACE la pran angajman pou fè yon match nan de semèn oplita apre li resevwa admisyon an, epi anjeneral konsyè yo founi w 2 a 3 match ak founisè swen.
- Swivi- Apre ou fin resevwa match yo, youn nan konsyè INTERFACE yo pral fè swivi avèk ou nan 2 semèn oplita pou wè si ou te kapab konekte ak founisè a (founisè yo), epi si se wi, kijan bagay yo ap mache. Liy Èd INTERFACE pou Referans lan pran angajman pou respekte vwa ou ak chwa ou, epi yo pral fè swivi avèk ou jiskaske ou santi ou te reyisi jwenn yon match. Kantite fwa ou resevwa yon swivi gendwa varye toudepan avèk ki rapidite yo fè yon match.
- Fèmen yon referans- Depi ou santi ou te reyisi jwenn yon match, konsyè INTERFACE pou referans lan ap fèmen pwosesis referans lan avèk ou. Men, si ou bezwen sipò anplis pi devan pou lòt referans oswa si match la pa mache byen pou yon rezon kèkonk, tanpri konnen ou ka toujou rele Liy Èd la ankò.

Pandan tout pwosesis la, Liy Èd la disponib pou ou lendi jiska vandredi soti 9 è nan maten jiska 5 è nan apre midi, epi si ou pa rive jwenn yon moun lè w rele, tanpri kite yon mesaj paske nou tcheke regilyèman epi n ap retounen w apèl yo byen vit. Tout sa w ap bezwen kòm referans se nimewo dosye w, epi nenpòt moun ki reponn ap kapab ba w enfòmasyon, enfòmasyon sou referans ou, oswa ede w. Tanpri tcheke sit entènèt trè konplè a nan <http://interface.williamjames.edu/> pou w jwenn enfòmasyon anplis.